Цæстдарæг
Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы периодон рауагъд • Рауагъд #7 • Октябрь 2018

## Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси …

# Гуырдзыстоны æдзухон уæвынады дæс азы

**2018 азы 1-аг октябры Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы дæс азы куыст нысангонд æрцыд. Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси 2008 азы августы конфликты фæстæ арæзт æрцыд. Евроцæдисы уæнг бæстæты уынаффæмæ гæсгæ, æдасдзинады æмæ стабилон¬дзинады къухарæзты нысанæй, ардæм райдианы иу афæдзы æмгъуыдæй иуыл къаддæр 200 æмбæстагон цæстдарæг хъуамæ æрвыст æрцыдаид. Уæдæй фæстæмæ Миссийы мандаты æмгъуыд цалдæр хатты адаргъгонд æрцыд, кæцы æргомæй дзуры Евроцæдисы ‘рдыгæй регионалон стабилондзинадырдæм райсгæ бæрндзинадыл.**

Нæ эксперттæ мониторингæн æххуыс кæнынц 2008 азы 12 августы Евроцæдисы æхсæны бацыдæй æрæвæрд æхсæзпунктон бадзырды уавæрты бахъахъхъæнынæн. Банысангонд бадзырдыл Гуырдзыстон æмæ Уæрæсейы Федераци æрфыстой сæ къух Евроцæдисы æхсæны бацыдæй. Йæ сæххæст кæныны метод лыстæггай фыст у фæстæдæр арæзт документы, ахæм сæргондимæ «Бадзырд 2008 азы 8 сентябры мадзæлтты ауадзыны тыххæй». Уый фæстæ Гуырдзыстон æндæр æмæ æндæр раздзог уагдæттимæ къух æрфыста уæлæмхас техникон бадзырдтыл, кæцыты амынд цæуы Гуырдзыстоны ‘рдыгæй стабилондзинады æмæ ирддзинады тыххæй райсгæ конкретон хæстæ.





Мисси йæ куыст райдайыны фыццаг бонæй суткæйы режимы къуырийы мидæг авд боны дæргъы æхсæвæй-бонæй патрулир кæны. Миссийы мандат парахатгонд цæуы Гуырдзыстоны æппæт территорийыл, æхсæнадæмон æмхæлардзинады ‘рдыгæй расидгæ арæнты фæлгæтты, се ‘хсæн Хуссар Ирыстоны æмæ Абхазийыл.

Хъыгагæн, Миссийæн абоны онг лæвæрд не ‘рцыд уæлдæр фæнысангонд регионты мандатмæ гæсгæ куыст сæххæст кæныны амалдзинад. Амæ æнæгæсгæйæ, фæстаг 10 азы дæргъы æппæт Гуырдзыстоны территорийыл æрцæугæ фæзындтæм Мисси цæст дарыны нысанæй æппæт цæстдарæн фæрæзтæй спайда кодта. Банысангонд куыстдзинады фæлгæттæм абаргæ уый йæ куысты механизмты технологиты сындæггай æрфидаргæнгæйæ фæтыхджындæр кодта. Цæстарджыты патрулир кæнынмæ та цы хауы, уымæй

> *Фыццаг æмæ æппæты ахсджиагдæр хæслæвæрд, кæцы Мисси йæ куысты фыццаг бонты хъуамæ сæххæст кодтаид, конфликты фæстæ хæстон архæйдтытæн кæрон скæнынæн баххуыс кæнын уыд.*

Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси фокусиргонд у административон арæнты хаххыл, кæцы дих кæны централон хицауады ‘рдыгæй контролгонд территорийы хæдрасидгæ регионæй.

**Хуссар Ирыстоны ‘рдæм арæзт физикон бордеризаци у 60 км-æй фылдæр дæргъмæ конд æдасдзинады бырутæ, 20 км дæргъмæ æвæрд техникæ фæлгæсынæн, 200-йæ фылдæр нысан ахæм фыстимæ «Хуссар Ирыстоны Республикæйы арæн», Уæрæсейы Федерацийы арæнгæсты 19 базæйы æмæ цыппар контролгæнæн ахизæн пункты.**

**Хуссар Ирыстоны ‘рдæм арæзт физикон бордеризаци у 30 км-æй фылдæр дæргъмæ конд бырутæ, фæлгæсæн мæсыггæндтæ, цыранæй контролгонд цæуы административон арæны  25 км-он фадыг, Уæрæсейы Федерацийы арæнгæсты 19 базæ æмæ дыууæ контролгæнæн ахизæн пункты.**

Миссийы кусыт райдыдта Хуссар Ирыстоны æмæ Абхазимæ ‘ввахс территоритæй Уæрæсейы гæрзифтонг тыхты ракæныны цæстдарынæй. Йæ кулмунаци уыдис 2010 азы октябры мæйы Хуссар Ирыстоны административон арæнты хаххмæ ‘ввахс Перевы хъæуæй Уæрæсейы тыхты ракæнын.

Фæлæ административон арæнты хаххы цур хотыхджын бырстытæ æмæ æхстытæ 2012 азы уæддæр дарддæр кодта. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы уæвынады æмæ цæстдарæн кусыты фæстиуæгæн ацы цауты нымæц куыд фæстагмæ фæкъаддæр ис.

2008 азæй Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Евроцæдисæй 28 бæстæйы минæвары 1,700-йæ фылдæр бадзырды быньдурыл æмæ командировкæйы æрвыст æмкусæг бакуыста, кæцы ирдæй æвдисы Миссийы активты фидар фарсхæцынады – куыд политиконæй, афтæ ресурсты ‘рдыгæй дæр. Абоны онг Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы ‘рдыгæй 65,000-æй фылдæр патрулиркæнынады кусыт уагъд æрцыд. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы иуæй-иу сæйраг хæслæвæрд у Евроцæдисы сæйраг горæтты æмæ уагдæтты информир кæнын æнæхъæн рæнхъ фарстæтыл – æфсæддон динамикæйæ райдайгæ æмæ конфликты фæстиуæгæн лигъдон гоймæгты социалон-экономикон уавæртыл фæуæгæйæ. Ай фæстиуæгæн Евроцæдисы организациты æмæ уæнг паддзахæдты уынаффæты исæг гоймæгтæ истой хъæугæ информацийы конфликтимæ баст фарстæтыл уынаффæтæ райсынæн.

*Амæй дарддæр ма, Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси ссардта административон арæнты хаххыл æмæ хаххы иннæ фарс цæугæ фæзындты тыххæй æууæнкджын информацийы равзæрæны репутаци æхсæнадæмон æхсæнады ноджы уæрæхдæр массæйæн.*

Евроцæдис бынатыл иунæг-иу æхсæнадæмон Цæстдарæг Мисси у, уымæн æмæ ИНО-йы (UNOMIG) æмæ ОБСЕ (ОБСЕ-йы Мисси Гуырдзыстоны) ‘рдыгæй æрвыст Мисситæ 2009 азы уæрæд æрцыдысты. Ероцæдисы Цæстдарæн Мисси информацийы æмбырд кæнын æмæ хыгъдлæвæрды аразын «оперативон æнæхъулондзинады» принципæй æхххæст кæны. Хыгъдлæвæрд хъуамæ арæзт цæуа факты быньдурыл æмæ хъуамæ уа æнæхъулондзинадæй.

Административон арæнон хаххыл Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы патрулон къордты æмæ цæстдарджыты æдзухон уæвынады ис æнæгуырысхо стабилизацигæнæн æмæ æууæнкдзинады сноггæнæн эффект. Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси регулярон патрулон схемæты пайда кæны æмæ потенцион тæвд бынæттæм (точкатæм) йæ бон у патрулон къорды арвитын Зугдиды, Гуры æмæ Мцхетæйы регионалон офистæй, æртæ офисæй дæр. Административон арæнон хæххытыл Мисси йæ уæвынад бахъахъхъæнынæй конфликтæй зианбаййафæг цæрджыты æдасдзинады æнкъарынад фæфылдæр кодта. Ацы æнкъарынад ноджы тынгдæр сырæзт Миссийы ‘рдыгæй административон арæнон хæххыты дыууæ фарсырдыгæй уæвæг фæрсты ‘хсæн диалогы, æууæнкдзинады æмæ æмгуыстады стыхджын кæнынæн ауадзгæ æндæр æмæ æндæр активты фæстиуæгæн.

Бынатыл дæс азы æдзухæй уæвынады дæргъы Мисси сси уый æвдисæн, æмæ куыд фæхуыздæр æдасдзинады уавæр 2008/2009 азты ситуацимæ абаргæйæ, административон арæны цур-иу Гуырдзыстоны полицæйы æмкусджытæ куыд цагъды кодтой кæнæ куыд цæфтæ кодтой. Абоны уæвæг уавæрмæ абаргæйæ ивгъуыды арæхдæр уыдис хотыхæй æхстыты цаутæ. Административон арæнон хаххыл абоны онг ис серьезон расидтытæ æмæ конфликт дæр æнæрбæстонгонд зайы. Фæлæ уыцы факт, æмæ кæй нал ис бынат кæрæдзимæ лæбурдтытæн æмæ гæрзифтонг конфликтæн, кæй зæгъын æй хъæуы хъуамæ нымад цæуа стыр æнтыстдзинадыл.





Уымæ æнæргæсгæйæ, уæддæр стабилондзинад æрфидар конфликты фæстиуæгæн алкæмæй фылдæр зианбаййафæг цæрджытæн – уæлдайдæр та административон арæнон хæххытæм ‘ввахс цæрæг цæрджыты раз уæвæг æдзухон расидтыты фоныл. Фæстаг дæс азы дæргъы уыдон сæрибарæй дыууæрдæм цæуын, экономикон амалдзинæдтæ æмæ сæрмагонд бартæ фаг уæлæндæвдæй бавзæрстой. Æрцæугæ цаутæ стыр зиан æрхастой уыдонæн социалон æмахастыты бахъахъхъæ¬нынæн æмæ хисæрмагонд барты бахъахъхъæныны хъомдзинадæн, кæцы уыдонæн къуындæг кæны аккаг æфтиаг райсын æмæ сабитæ сæ мадæлон æвзагыл ахуырад райсыны гæнæндзинады.

Иунæг-иу сæйраг динамикæ, кæцымæ Мисси 2009 азæй лæмбынæгæй йæ цæст дары, у а.х. «Бордеризаци» – Гуырдзыстоны хицауады ‘рдыгæй контролгонд территори¬ты æмæ Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны хæдрасидгæ регионтæм ‘ввахс дэ-факто паддзахад «арæнты» кæныны процесс. Уæрæсейы Федерацийы æмæ Цхинвалы æмæ Сухумы уынаффæтæ исæг гоймæгтæн ис амбици æрæвæрой карз басгарæн æмæ контроль кæнын хæдрасидгæ регионты территорийыл.

2009 азæй фæстæмæ райдыдта физикон цæлхдурты рæзынад æмæ æндæр мадзæлтты исын цæмæй административон арæнон хаххыл адæймæгтæн сæрибарæй ахизыны амал мауал уыдаид. Физикон инфраструктурæмæ хауы сындзтæл¬гæрæнты, хæдрасидгæ «республикæты» а.х. «арæнтæм» ‘ввахс бацæуыны тыххæй фæдзæхсæг нысæнттæ, фæлгæсæн мæсыггæндтæ æмæ цæст дарæн бæрзонд техникæ. Цалдæр азы дæргъы ацы сындæггай рæзгæ процессы фæстиуæгæн административон арæнон хæххытæ Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны регионты зындзæуæгæндæр æмæ хъахъхъæд¬дæр систы. 2016-2017 азты Абхазийы административон арæнон хаххыл æртæ ахизæн пункты æхгæд æрцыд æмæ хъæуы бынæттон цæрджытæн, кæцыты фæндыд ахизын стыр проблемæтæ скодта, дэ-факто хицауады ‘рдыгæй райсгæ цалдæр фæрогдæр амалмæ æнæ гæсгæйæ.

«Бордеризацийы» процесс æрхаста Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны Уæрæсейы базæты арæзтад æмæ уырыссаг арæнгæсты æрлæуд. Уæрæсейы Федерацийы арæнгæстæ сты уыцы тых, кæцы Хуссар Ирыстоны æмæ Абхазийы а.х. «арæнты» хъахъхъæнынныл у дзуаппдæттæг.

Дыууæрдæм сæрибар цыды арæнæвæрд негативонæй ахады административон арæнон хаххы дыууæ фарсырдыгæй цæрæг хъæуы цæрджыты царды уавæртыл. Уый фæстиуæгæн арæнгонд цæуы тырныныдзинад адæймæгтæн хи исбонмæ, зæххы хæйттæм, медицинон лæггæдтæм, кувæндæттæм, ахуырадмæ æмæ рæсттæрхонмæ. Хъæууон хæдзарадмæ цы хауы уымæй та, сындæггай бордеризацийы фæстиуæгæн ацы хъæуты цæрæг адæмæн зынвадат сси административон хаххмæ ‘ввахс дыууæфарсæрдыгæй цы зыххы фадгуытæ ис уыдонмæ бацæуын. Стыр зиан ратта фосы сезонон аскъæрды процессы дæр, кæцы серасæй тынгдæр социалонæй æнæхъахъхъæд фæлтæры æнæ æфтиагæй ныуагъта.

Фæстаг дæс азы мидæг Мисси дæргъ кæны гуманитарон ахасты æхххыс административон арæнон хаххмæ ‘ввахс цæрæг цæрджыты дыууæрдæм сæрибарæй цæуынæн æмæ ахст адæймæгты, уæлдайдæр та ацæрæгты æмæ сабиты ‘рдæм. Бынæттон цæрджытæн сæ бон хъуамæ уа сæрибарæй сæ цард кæной æнæ тæрсгæйæ æмæ æнæ уæлдай къуылымпыдзинадæй. Мисси

*Бордеризацийы фæстиуæгæн азты дæргъы бирæ адæймаг ахст æрцыд. Административон хаххыл ахизæг цæрджыты æрцахсын абон дæр серьезон тасы аххосаг дæтты  - 2018 азы райдианæй адæймæгты æрцахсты тыххæй тæвд хахх 650-хатт уыдис сактивонгонд. Цырандæриддæр уый фæрæз ис, Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси тæвд хаххы æмæ инцидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагир кæныны механизмы (IPRM) фембæлдты фæрцы тырны ацы æмæ æндæр фарстæты аскъуыддзаг кæнын.*



*Мисси нысаниуæгджын роль æххæст кæны йæ къухы бын уæвæг дыууæ коммуникацийы каналы уагдæттæн æмæ рæзынады. Уыдонæй фыццаг у инцидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагир кæныны механизмы фембæлдтытæ, фæлæ дыккаг – Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы ‘рдыгæй арæзт телефоны тæвд хахх. Дыууæ дæр стабилон¬ады арæзты æмæ хæсты фæстиуæгæн зианбаййафæг бынæттон цæрджыты царды фæхуыздæркæнынады насаниуæгджын платформæ æвдисы.*

*«Бордеризаци» конд у æртæ сæйраг элементæй:*

*(1) Физикон инфраструктурæйы саразын, цæмæй спайда кæной бæлцæттæ, транспортон фæрæзтæ æмæ уæргъытæ ласджытæ, административон арæнон хаххыл æвæрд специалон «контролгæнæн ахизæн пунктытæй»;*

*(2) Уырыссаг арæнгæсты кæнæ хæдрасидгæ регионты æдасдзинады структурæты минæвæртты ‘рдыгæй цæст дарын æмæ патрулир кæнын, кæцытæ сæ хъус дарынц ситуацимæ æмæ ахсынц æвæрд «фæтк» халæг гоймæгты;*

*(3) Ахизыны режим, кæцы бæлццæтты хæсджын кæны цæмæй сæм уа специалон документ æмæ дзы спайда кæной æрмæст «официалон» ахизæн пунктты.*




ма ноджы йæ хъус лæмбынæгæй дары цæугæ цаутæм, кæцытæ хауынц сæрмагонд мадæлон æвзагыл ахуырады райсыны бармæ, афтæ ма инициативтæм, кæцытæн сæ бон у æмæ разиан кæной ахæм бартæн, цахæм у исбоны бар æмæ йæ равдисыны уæгъдибардзинад.

Миссийы мандаты сæрæйдæр централон бынат ахста æууæнкдзинады сæндидзын кæнын.

Уымæн ноджы стырдæр нысаниуæг лæвæрд æрцыд уый фæстæ, куыддæр арæзт æрцыдысты уыцы механизмтæ, кæцытæ Гуырдзыстоны, Уæрæсейы æмæ хæдрасидгæ регионты ‘хсæны коммуникацийы æмæ информацийы баивды фæхуызæр кæнынæн уыдысты арæзтгонд.

Ис инцидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагир кæныны дыууæ механизмы – иу фембæлд уагъд цæуы Галы æмæ уым Абхазийы цæугæ фарстытæ скъуыддзаггонд цæуынц, фæлæ Ергнеты уагъд фембæлдыл та - Хуссар Ирыстоны административон арæнон хаххыл æрцæугæ цаутæ æмæ инцидентæ æркастгонд цæуынц. Галы фембæлдтытæ ИНО-йы сæргълæудæй арæзт цæуынц, æмæ ацы фембæлдтыты хайадисæг статусæй Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси дæр æвдыст цæуы. Дыууæ форматы дæр 2009 азы Женевæйы æхсæнадæмон бадзырдтыл ист баныхасæй скуыста. Нысангонд формат арæзт æрцыд 2008 азы хæсты фæстæ конфликты фæстиуджытæ æрбæстон кæныны нысанæй.

Инциденты превенцийы æмæ уыдонил реагир кæныны механизм нымад цæуы æнæполитикон механизмыл, цыран цæугæ проблемæты равзарыны тыххæй æдас бынæттыл кæрæдзиимæ фембæлынц конкретонæй адæймæгты æдасдзинад ифтонгкæнынады къабазы хайадисæг гоймæгтæ. Ам-ма æвзæрстгонд фæцæуы уый дæр, æмæ куыд хъуамæ æрцæуа административон арæнон хаххыл цæрæг адæймæгтæн инциденты æмæ ног проблемæты сæрæй аиуварс кæнын. Кæрæдзийы ныхæй-ныхмæ коммуникацийæн æргъджын форматы ифтонг кæнынадæй дарддæр ма, Инцидентты превенцийы æмæ уыдонил реагир кæныны механизмы фембæлдтыты фæстиуæгæн æрцыд цалдæр практикон æнтыстдзинады, райдайгæ административон арæны дыууæ фарсæрдыгæй уæвæг фæрсты æмгуыстдзинады фæстиуæгæн ахст гоймæгты ссæрибар кæнын æмæ фæугæ хъæууон-хæдзарадон фарстæ¬тыл æмæ бынæттон цæрджытæн æндæр нысаниуæгджын фарстæтыл административон арæнон хаххы дыууæ фарсы минæвæртты æмгуыстдзинадæй. Аимæ иумæ, Инцидентты превенцийы æмæ уыдонил реагир кæныны механизмы фембæлдтытæ фæстаг дæс азы дæргъы бирæ расидтыты раз лæууыд. Уыдон ‘хсæны уыдис фембæлды дæргъвæтин рæстæгмæ фескъуыньн ахсджиаг фарстæтыл раздзæуæг хайадисджыты æнæразыдзинадмæ гæсгæйæ. Абоны онг Инцидентты превенцийы æмæ уыдонил реагир кæныны механизмы фембæлдтытæ, кæцытæ æнæмæнгхъæугæ сты бынæттыл æдасдзинады ситуацийы уаг дæттынæн, нырма ноджы урæд сты.

Инцидентты превенцийы æмæ уыдонил реагир кæнын рæстæгмæ æрурæдмæ æнæгæсгæйæ, административон арæнон хаххы æндæр æмæ æндæр фæрсты ‘хсæн коммуникацийæн æдзухæй пайдагонд цæуы æндæр æдзухон æмæ фылдæр эффектон фæрæзтæ. Уымæ гæсгæйæ, куыд æмæ цас нысаниуæгджын у административон арæнон хаххы фæрсты ‘хсæн коммуникаци политикон æмвæзадыл принципон æнæразыдзинæдтæм æнæгæсгæйæ, 2009 азы арæзт æрцыд тæвд хахх.

*Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси ахсджиаг роль æххæст кæны тæвд хаххы инфраструктурæйы æнæкъуылымпыйы куысты æмæ административон арæнон хаххы иннæ фарсы цæрджытæн рæстæгыл хабæрттæ хъусын кæныны хъуыддаджы. Тæвд хахх нысаниуæгджын механизм разынд бынатыл æрцæугæ цауты равзарынæн.*

Тæвд хаххæй пайда кæныны цаутæ азæй-азмæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц æмæ кæд, 2009 азы уый æдæппæт 30 хатты скуыста, 2017 азы уый æвдисæг 1700 уыдис, кæцы боны мидæг астæуккагæй 4,6 дзæнгæрæг иста. Æдæппæт дæс азы дæргъы тæвд хахх 8,000 хатты уыд активонгонд. Æдасдзинады структурæйы алы минæварæн дæр ис тæвд хаххыл дзуаппдæттæг гоймаг, кæцы аразы тæвд хаххы активонад кæнæ реагир кæны æндæртæй райсгæ информацийы домындзинæдтыл. Тæвд хахх кусы æхсæвæй-бонæй, къуырийы мидæг авд боны дæргъы æмæ бахъуыды рæстæгджы æрцæуы æвæстиатæй йæ сактивондзинад. Тæвд хаххыл сæйраг æркасты темæ сæйрагæй дæр ахст адæймæгтæм хауы. Мисси æххуыс кæны административон арæнон хаххыл æрцахсгæ æмбæстагон гоймæгты ссæрибар кæнынæн уыдон тыххæй информацийы цырдæй баивынæй. Тæвд хаххæй пайда кæныны дыккаг цауы арæхдзинад у медицинон нысанæй.

Ай уыцы цаутæ сты, тæвд хаххы æххуысæй куы æрцæуы адæймæгты цæрæнбоны фервæзын кæнын, сæрмагондæй уыцы пациентты транспортирдзинады координир кæнынæй, кæцыйæ сæ медицинон æххуыс хъæуы. Тæвд хахх алыбойнон æгас рæнхъ æндæр фарстытæм дæр хауы уыцы хуызæнæй, æмæ алы фарсæн дæр йæ къухы ис конкретон проблемæты аскъуыддзаг кæнынæн хъæугæ фæктæ.

Тæвд хаххы фæрцы æвзæрс цæуы ахæм фарстытæ, цахæм у бордеризацийы ног фактытæ кæнæ административон арæнон хаххмæ ‘ввахс фехъусгæ зынгæхсгæ хæцæнгарзы уынæр. Нысангонд диалогы механизм æцæгдæр къух дæтты æндыгъдады фæкъаддæр кæнынæн.

Нысангонд куыд æрцыд уымæ гæсгæ, Миссийæн лæвæрд не ‘рцыд бацæуыны фадат Хуссар Ирыстонмæ æмæ Абхазимæ. Уымæ гæсгæйæ, Мисси бакуыста цæстдарæны æндæр амæлттæ æмæ спайда кодта ног технологитæ административон арæнон хаххыл æмæ хæдрасидгæ регионты æрцæугæ цаутæм цæст дарынæн. Балхæдтой машинæты антенæтыл арæзт камерæтæ, фæлæ фæстæдæр та – «тынг бæрзондыл кусæг камерæ», ома аэростатыл арæзт (бафидаргонд) камерæ.

Мисси фыццаг бонæй фæстæмæ лæмбынæгæй йæ цæст дары конфликтæй зианбайййафæг цæрджыты адæймаджы бартæм хауæг ситуацимæ. Патрулон къордты, равзæрæнты анализы æмæ æмбæлццоны (спутники) рдыгæй равдисгæ нывисты (фотокадры) фæрцы Мисси йæ цæст дары æртæ æрдæмады цæугæ ситуацимæ адæймаджы барты сферæйы. Мисси регуляронæй аразы хыгъдлæвæрд цæугæ бордери-зацийы æмæ дэ-факто хицæуады ‘рдыгæй арæзт æндæр мадзæлтты тыххæй, кæцыты уый хирасидгæ территорітыл контроль æрфидар кæныны тыххæй аразы. Цæстдарæнтæм хауы, фæлæ нæ цыбыр кæны адæймаджы сæйраг барты ахæм арæнгонды рæзтæй, цахæмдæриддæр у дыууæрдæм цæуыны сæрибардзинад, æнæзакъонон æрцахсыны сæрибардзинад, дины сæрибардзинад, ахуырады æнцонвадат¬дзинад, бинонтæ ракурыны бар æмæ æнд. Мисси йæ къухы уæвæг алы ресурсæй дæр пайда кæны уый тыххæй, цæмæй конфликты фæрстимæ иумæ йæ тых сараза адæймаджы барты сферæйы уæвæг ситуацийы ‘рдæм æмæ ацы нысанæй рæстæгæй-рæстæгмæ аразы техникон фембæлдтытæ Инцидентты превенцийы æмæ уыдонил реагиргæнæны систематикон фембæлдтытæй хæдбарæй.

*Миссийы уæвынад, йæ патрулон къордты инцидентттыл цæрдæг реагироваты хъомдзинад æмæ тæвд хаххы бастдзинады æххуысæй æрвылбонон эффективон коммуникаци æнæраивгæ роль сæххæст кодта æндыгъддзинады фæкъаддæргæнæны æмæ æдасдзинады сæртæг ситуацийы уаг дæттыны.*



Куыд Евроцæдисы иуæй-иу Мисси, афтæ Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси дæр фидарæй йæ фарс хæцы сылгоймæгты ролæн куыд сæрмагонд организацийы, афтæ иумæйагæй дæр, конфликты æрбæстон кæныны процессы. Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси у уыцы Мисси, кæцы æдасдзинады æмæ хихъахъхъæнынады иумæйаг политикæйы фæлгæтты сылгоймаг-æмкусджыты алкæмæй фылдæр пропорционалон æмæ менеджерты къорды сылгоймæгтæ алкæмæй фидардæр бæрнондзинадæй хицæн кæнынц. Нысангонд тыхархайдмæ гæсгæ Мисси нымад цæуы æппæты хуыздæр практикæйы бафæзминаг дæнцæгыл æмæ ацы Миссийы минæвæртты ситематиконæй хонынц æндæр мисситæм æмæ æхсæнадæмон организацитæм сæ фæлтæрддзинадимæ базонгæ кæныны нысанæй.

2008 азы фæззæджы уæрæхæй рапарахат ис тасдзинад хæстон архæйдтыты сног кæныны реалон тæссаргдзинады тыххæй. Абоны онг, уымæ æнæгæсгæйæ, æмæ конфликт æнæрбæстонгонд зайы, зианбайййафæг цæрджыты ‘хсæн фæфылдæр æдасдзинады æнкъарынад, фæлæ, æмбæрстгонд аххосæгтæм гæсгæ, цыдæр тас уæддæр актуалонæй зайы.

*Инцидентттæ æрвылбон цæуы, Мисси та, ахæм расидтытимæ тох дарддæр кæндзæн уæдмæ, цалынмæ арæзт не ‘рцæуа конфликты дæргъвæтинæмгъуыдон аскъуыддзаггæнæн фæндаг, кæцыйæ конфликты алы фарс дæр райгондæй баззайдзæн.*









### Интервью Миссийы разамонæгимæ

# Эрик Хог лæмбынæгæй ныхас кæны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы активты, æнтыстыты, фæстиуæгты æмæ расидæнты тыххæй

***Эрик Хог, сымах цæстæнгасмæ гæсгæ, цас пайдаджын уыд фæстаг 10 азы дæргъы Миссийы ‘рдыгæй ауагъд куыст? Æрхаста æви нæ уый конкретон фæстиуджытæ?***



*Гуырдзыстоны Евроцæдисы Миссийы разамонæг Эрик Хог бынæттон телеканалтимæ ныхас кæны специалон призыл призы адæттыны церемонийы агъоммæ 2017 азы декабры*

Мисси дарддæр кæны нысаниуæгджын роль æххæст кæнын уый тыххæй, цæмæй Тбилисы ‘рдыгæй контролгонд территори æмæ Абхазийы æмæ Хуссар Ирыстоны хæдрасидгæ регионты ‘хсæн арæзт административон арæнон хæххытæм ‘ввахс цæрæг бынæттон цæрджытæ æдас æмæ нормалон цард кæной.

Хæстон архæйдтытæ ногæй нæ райдыдта, Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси та стыр ахадындзинад æрцæуын кодта йæ уæвынадæй, цахæмфæнды боныхъæды уый æхсæвæй-бонæй йæ патрулир кæнынадæй. Уый, æмæ административон арæнон хаххыл æрвыл бон кæй нæ цæуы инциденттæ, уымæ бирæтæ хуымæтæг цæстæй кæсы, фæлæ æз та афтæ нæ хъуыды кæнын. Ситуацийы конторлкæнынæн нæ бæрæг механизмтæ хъæуы. Инцидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагиркæныны механизмы фембæлд¬тытæ ныртæккæ зындзинæдты раз лæууы, æмæ мах аккагæй хъуамæ бамбарын кæнæм, цæмæй ахæм фембæлдтытæ кæй дæттынц нысаниуæгджын æмæ æнæаргъæвгæ фарстæтæм комкоммæ æркæсыны фадатдзинад, кæцытæ ахадынц æдасдзинадыл. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы ‘рдыгæй арæзт тæвд хахх дæр тынг эффективонæй æмæ æнтыстджынæй пайдагод цæуы. Уый активондзинад æрцæуы ахæм инцидентты æмæ цауты рæстæджы, кæцытæ хауынц административон арæнон хæххыты цур цæрæг адæймæгты цардмæ æмæ стабилондзинадмæ. Æндæр ныхæстæй, зæгъæн ис æмæ, ай у «телефонæй æндыгъддзинады сисыны» амалдзинад. Æнæхъæнæй та Мисси, бынатыл уæвы, æнæсцухæй йæ хъус дары æмæ аразы хатдзæгтæ æмæ цæттæ у реагир кæнынмæ, фарсхæцæг у коммуникацийы æмæ диалогы - Мисси фылдæр актуалон æмæ ахсджиаг у æдасдзинады ситуацийы уагдæттынæн.

***Нæ нын радзурдзыстут уыцы зындзинæдты фæдыл, кæцытыл уæ алыбойнон куысты æмбæлут? Уыимæ ма цахæм сæйраг расидæнты аиуварс кæнын гæнæн ис?***

Нæ мандатмæ цы хауы, уымæй сæйраг проблемæйæ зайы нæ арæнгонд цыбыр фадæттæ, цæмæй цæстдарæн куыст кæнæм хæдрасидгæ регионты.

Гуырдзыстоны Миссийы райдыды фыццаг бонæй Хуссар Ирыстонмæ æмæ Абхазимæ бацæуыны фадатæй цухгонд стæм. Мах дарддæр кæнæм нæ тыхархайды, æмæ Ероцæдисæн ис дырыс политикæ нæ бæрндзинады зонæйы тыххæй, кæцыйы фæлгæтты хъуамæ æххæст кæнæм патрулиркæнынад – уый у æгасæй Гуырдзыстоны территори. Мæ къамандымæ цы хауы, уымæй та, фыццаджыдæр мæ хъус дарын сæ æдасдзинадмæ, се ‘мбæлон ифтонгадмæ æмæ цæттæдзинадмæ, цæмæй сæ бон уа административон арæнон хаххы цур æдасдзинады ныхмæ уæвæг расидæнты аиуварс кæнын. Уавæр раст зæгъгæйæ хуыздæрырдæм фæивта уыцы фарсæй, æмæ Миссийы райдайæн периодмæ абаргæйæ фæкъаддæр ис хотыхджын гоймæгтимæ æмбæлын æмæ æндæр тæссагдзинæдты риск дæр. 2009 азы æрцыд трагикон цау, Миссийы фарсхæцæг бынæттон æмкусæг патрулир кæныны рæстæджы куы фæмард. Бæрæг рискытæ ныр дæр ма ис. Нæ разы уæвæг æдасдзинады проблемæйæн зайы нæ регулярон патрулир¬гæнæн районты баззайгæ минæтæ. Мах фокусиргонд стæм ууыл, цæмæй 320 æмкусæгæй конд къорды максималон æдасдзинадæй сифтонг кæнæм.

***Хъуыды кæнут æви нæ, цæмæй Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси къух аразы хæдрасидгæ регионтимæ административон арæнон хæххыты акомкоммæ ситуацийы эскалацийы сæрæй аиуварс кæнынæн? Цас реалон у фæнысангонд регионты ситуацийы нысаниуæгджын эскалациты риск?***

Ойы, административон арæнон хæххытыл Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы уæвы¬над ныридæгæн зæгъæн ис æмæ превенцион формæ у. Нысаниуæгджын эскалаци¬йы риск алы бон дæр ис, цасфæнды къаддæр ма зына абоны ситуацимæ гæсгæ. Администра¬тивон арæнон хæххыты акомкоммæ æдасдзинады ситуацийы Мисси хоны, куыд «фæтк¬дæт¬¬¬тыны стабилондзинад». Ай нысан кæны уый, цæмæй куыд инцидентты бæр¬цад, афтæ сæ рискдæр ныллæгдæр у, æмæ ахæм уавæр ацы бынæттыл Миссийы уæвынад æмæ гæнæн¬уæвæг цаутыл йæ реагирады хъомад кæронмæ кæны. Махæн нæ бон у æвæстиатæй арвитæм цæстдарджыты къорд нысангонд бынатмæ æмæ спайда кæнæм нæ къухы уæвæг æуухкдзи¬нады сæндидзæн механизмтæй. Кæрæдзиимæ информир кæныны нысанæй фæрстæ активонæй пайда кæнынц тæвд хаххы – 2018 азы уый активондзинад боны мидæг æхсæз хатты уæддæр æрцæуы. Уыимæ иумæ, административон арæнон хаххы дыууæ фарсæрдыгæй уæвæг фæрстæ кæрæдзиимæ фембæлынц Иницидентты превенцийы æмæ уыдоныл реагир кæныны механизмы фембæлдтыл, кæцы уагъд цæуы æрвылмæйы.

Æмæ фæстагмæ, мæн ныфс ис, цæмæй нæ Мисси нал уыдзæнис хъæугæ. Ныфс мæ ис, æмæ иу хорз боны кæй разындзæн конфликты æрбæстон кæныны дæгъæлтæ, кæцы мах хуызæн мисситы бынатыл уæвыны хъæугæдзинады аиуварс кæндзæнис. Уæдмæ та уал, нæ Мисси дарддæр кæндзæнис боны æмæ æхсæвы патрулир кæнынад, кæцыйæ уый æххуыс кæндзæн регионты стабилондзинады бахъахъхъæнынæн.



# 2008 æмæ 2018 азты ‘хсæн…

## Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийæн разамынд кодта Евроцæдисы 5 æндæр æмæ æндæр дипломаты



**Минæвар Хансйорг Хабер** Миссийы разамонæгæй 2008 азы октябры мæйæ 2011 азы апрелы мæймæ фæкуыста. Уый гермайнаг дипломат у, кæцы уæдмæ дæр куыста Либаны, Уæрæсейы, Туркы æмæ æндæр бæстæты. Минæвар Хабер Гуырдзыстоны ныууагъта 2011 азы апрелы мæйы æмæ ахызтис Брюсселмæ Евроцæдисы æмбæстагон плангæнæн æмæ командады разамонæгæй. 2017 азы сентябры уый сси Германы Федаративон Республикæйы акредитацигонд минæ¬вар Саны (Йемен).



**Минæвар Анджей Тишкевич** (ныртæккæ мард у) Миссийы дыккаг разамонæгæй куыста 2011 азы июлы мæйæ 2013 азы июны мæймæ. Минæвар Анджей Тишкевич уыдис польшæйаг дипломат, уæдмæ та уыд инæлар-лейтенант (отставкæйы). Миссийы кусыны агъоммæ уый куыста Иракы бирæнацион дивизийы централон-хуссары æрдæмады къамандыгæнæг инæларæй, Польшæйы сурфæндагон æфсæдты сæйраг¬къаманды¬гæнæгæй, Анкъарæйы (Туркы) хихъахъхъæнынады, æфсæддон æмæ денджызон атташейæ.



**Æмб-аг Тойво Клаар** Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы æртыккаг разамонæгæй 2013 азы сентябры мæйæ 2014 азы декабры мæймæ куыста. Уæдмæ æмб-аг Тойво Клаар куыд эстойнаг дипломат куыста европæйаг æддагон архæйдтыты куыстуаты Централон Азийы хайады æмæ адæймагон ресурсты политикæйы æмæ координацийы хайады разамонæгæй. Ныртæк¬кæ уый Хуссар Кавказы æмæ Гуырдзыстоны кризисы фарстæты Евроцæдисы специалон бæрнон кусæг у (EUSR).



**Минæвар Кястутис Янкаускас** Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы цыппæрæм разамонæгæй 2014 азы декабры мæйæ 2017 азы августы мæймæ куыста. Минæвар Кястутис Янкаускас у профессионалон дипломат Литвайæ, кæцы уæдмæ куыста Литвайы фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады канцле¬рæй, фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады паддзахадон нымæр¬да-рæй, Евроцæдисы Литвайы æдзухон бæрнонады минæвар Евроцæдисы политикон æмæ æдасдзинады комитеты, АИШ-ы æдасдзинады политикæйы департаменты директорæй, бæрнон бынæтты фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады æмæ æндæр бынæтты. Ныртæккæ уый кусы Евроцæдисы делегацийы минæварæй Азербайджаны.



Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы ныртæккæйы разамонæг у **Эрик Хог**, даниаг дипломат, кæцы ацы куысты бынатыл 2017 азы 19-æм декабрæй нысангонд æрцыд. 2015 азы апрелы мæйæ Эрик Хог куыста Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы хæдивæгæй, фæлæ 2017 азы 1-аг сентябрæй райдыдта кусын Миссийы разамонæгæй. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы кусын райдайыны агъоммæ Эрик Хог 16 азы дæргъы куыста Данийы фæсарæйнаг хъуыддæгты министрады, куыд дыууæрдыгон, афтæ бирæвæрсыг дипломатийы сферæйы. Йæ дипломатион карьерæйы рæстæджы уый æндæр æмæ æндæр менеджерон позицитыл куыста куыд Копенгагены, афтæ фæсарæнты мисситы, уыдон ‘хсæн Нью-Йоркы æмæ Мæскуыйы.

## 2009 азы июнь

# Гуырдзыстоны æмбæстоны трагикон мæлæт, кæцы Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы патрулиркæнынады фарсхæцæг тагъд æххуысы машинæйы скъæрæг уыд



Миссийы сырæзты фыццаг бонæй нæ приоритет у Миссийы æмкусджыты æмæ нæ куысты фарсхæцæг персоналы æдасдзинад. Мисси цæттæ кæны æмкусджыты тренинг, æмбæлон хъахъхъæнæг ифтонгады æмæ æдзухон режимы æдасдзинады ситуацийы тыххæй информацийы бадæттын. Æдасдзинады ахæм формæты уавæры дæр нæ куыст уæддæр тæссаг вæййы. Гуырдзыстоны бирæ азты дæргъы уæвынады периоды Мисси цалдæр хатты бахауд тасдзинады цæстдарджыты патрулир кæныны рæстæджы. 2009 азы трагикон цау фаталон фæстиуæгыл фæцис.

Гуырдзыстоны уæвыны 10-æм азы сæрыл Мисси æрымысыд Ахаладзе Автандилы трагикон мæлæты. Автандил уыдис Гуырдзыстоны æмбæстаг, кæцы 2009 азы 21-æм июны райсомæй æрцæугæ срæмыгъды фæстиуæгæн фæмард. Уый скъæрдта «Медиклабджорджийы» тагъд æххуысы машинæ, кæцы Абхазийы цур администра-тивон арæнон хаххмæ ‘ввахс, Эрисцхъалийы хъæуы Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы патрулиркæнынады фарс хæцыд.

**«Фæнды мæ мæссæллæй зæгъон абон чи фæмард уыцы «Медиклабы» скъæрæгы бинонты уæнгтæн æмæ æмгæрттæн. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийæн исразвæлгъаубадзырды мандат, æнæкъуылымпыдзинадæй æххæст кæна патрулиркæнынад административон арæнон хаххмæ ‘ввахс территорийыл. Мах ныма ноджы бæрæг кæнæм инциденты деталты, фæлæ мæ зæгъын фæнды комкоммæ, цæмæй цахæмфæнды æнæпровоциронгонд ныббырст нæ æнæгæрзиф-тонг цæстдарджытыл æмæ сæ патрулон къордтыл, кæцытæ сæ барлæвæрды фæлгæтты æххæст кæнынц сæ хæсты, бынтондæр нæу райсинаг»,** *Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы раздæры разамонæг, минæвар Хансйорг Хабер (2009 аз 21 июнь)*

**«Категорионæй зылын кæнын Абхазийы административон арæнон хаххы цур Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы патрулон къорды ныхмæ æрцæугæ ныббырсты, кæцыйы фæстиуæгæн фæмард тагъд æххуысы медицинон машинæйы скъæрæг. Фæнды мæ зæрдæбын мæсæллæй ракæнон Ахаладзе Автандилы бинонтæн æмæ хæстæджытæн.**

**Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси у æнæгæрзифтонг Мисси, кæцыйы нысан у регионты цæрæг адæймæгты царды фæхуыздæр кæнын. Цахæмфæнды хуызы ныббырст нæ æнæгæрзифтонг цæстдарджытыл æмæ сæ патрулон къордтыл бынтондæр нæу райсинаг. Фæнды мæ алы фарсæн дæр йæ зæрдыл æрлæууын кæнон сæ хæсты, ифтонг кæной стабилондзинад æмæ æдасдзинад сæ физикон контролы дæлбариуæг территоритыл»,** *- Евроцæдисы уæлдæр бæрнон кусæг æддагон æмæ æдасдзинады фарстæты Хавьер Солана (2009 аз 23 июнь)*



COUNCIL OF
THE EUROPEAN UNION

Brussels, 23 June 2009
S168/09

**Javier SOLANA,**
**EU High Representative for the CFSP,**
**condemns the attack against an EUMM patrol**
**near the Abkhazian administrative boundary line**



# Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы куысты фæдыл фылдæр информацийæн…
# Кæсут нæ раззаг периодикон рауагъдты




*«Цæстдарæг»-ы 2016 азы июлы мæйы рауагъды №1 фыст ис Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы цæстдарджыты тыххæй*




*«Цæстдарæг»-ы 2016 азы августы мæйы рауагъды №2 фыст ис Ныгуылæн Гуырдзыстоны æмæ Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Зугдиды быдырон офисы тыххæй*




*«Цæстдарæг»-ы 2016 азы декабры мæйы рауагъды №3 фыст ис Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы рдыгæй арæзт телефоны тæвд хаххы тыххæй*




*«Цæстдарæг»-ы 2017 азы апрелы мæйы рауагъды №4 фыст ис централон Гуырдзыстоны æмæ Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Гуры быдырон офисы тыххæй*




*«Цæстдарæг»-ы 2017 азы ноябры мæйы рауагъды №5 фыст ис Скæсæн Гуырдзыстоны æмæ Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Мцхетæйы быдырон офисы тыххæй*




*«Цæстдарæг»-ы 2018 азы июлы мæйы рауагъды №6 фыст ис Инцидентты превенцийы æмæ уыдонныл реагир кæныны механизмты фембæлдты тыххæй*

# Ten Years of Continuous Presence in Georgia ...

*Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси фæстаг 10 азы дæргъы 24-саххатон æрвылбонон режимы кусы уый тыххæй, цæмæй баххуыс кæна административон арæнон хæххытæм ʻвваха цæрæг цæрджыты æдас æмæ нормалон царды сæндидзынæн. 2009 аз. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Мцхетæйы быдырон офисы цæстдарæг патрулир кæныны рæстæджы нысæнттæ аразы.*





*Миссийы разамонæг, Эрик Хог Германы Федеративон Республикæйы канцлер, йæ бæрзонддзинад Ангела Меркелæн цыбыртæй зонгæ кæны Хуссар Ирыстоны административон арæнон хаххмæ ʻввахс фæстаг рæстæджы æрцæуггæ цауты тыххæй. 2018 азы август.*

*Миссийы раздæры разамонæг, минæвар Анджей Тишкевич патрулир кæнгæйæ Миссийы цæстдарджытимæ иумæ 2012 азы зымæгон боны.*



# ... Патрулир кæнын бон æмæ æхсæв

*2013 аз. Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы Зугдиды регионалон офисы æмкусджытæ бынæттон цæрджытимæ ныхас кæнынц.*





*2014 азы октябры райдайæн. Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси йæ бæрнады зонæйы патрулир кæны.*

*Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси йæ куыст райдыта 2008 азы æмæ йæ нысан у хæстон архæйдтыты ногæй райдайын сæрæй аиуварс кæнын. 2013 азы, зымæг.*



EUMM

Мыхуыргонд цæуы Гуырдзыстоны Евроцæдисы Цæстдарæн Миссийы ʻрдыгæй
Контактон информацийы райсын: press@eumm.eu
- Дез Дойл, пресс-спикер Des.Doyle@eumm.eu
- Юлиу Драгич, прессæ æмæ æхсæнадимæ æмахастыты офицер: Iuliu.Draghici@eumm.eu

**Евроцæдисы Цæстдарæн Мисси Гуырдзыстоны**
Евроцæдисы æдасдзинады æмæ хихъахъхъæнынады иумæйаг политикæйы иунæг Мисси у, кæцы комкоммæ цæстдарæн куыстадыл ориентиргонд у. Миссийы ацы мандат, æвæццæгæн 2020 азы 14 декабрмæ адарддæр уыдзæн.

EUMM

European Union Monitoring
Mission in Georgia

www.eumm.eu